



Revize nan dat 27 me 2020

## Lis Verifikasyon pou Operatè Fèm yo pou Epidemi Kowonaviris (COVID-19)

### KENBE YON MENDÈV KI AN SANTE

Sentom ki pi komen pou COVID -19 yo se yon lafyèv ak tanperati ki pi gwo pase 100.0°F, gòjfèmal, tous, ak souf koupe. Lòt sentom yo ka enkli fatig, doulè ak lapèn nan misk yo, ak apeti ki redwi. COVID-19 pwopaje prensipalman atravè kontak moun ak moun. Moun ki teste pozitif oswa ki te gen sentom COVID-19 yo pa ta dwe al travay.

### DEVLOPE YON PLAN ENTÈVANSYON POU COVID-19

- Konfòmeman a "Enstwiksyon Pwovizwa pou Prevansyon ak Entèvansyon pou COVID-19 nan Fèm yo (Interim Guidance for Prevention and Response of COVID-19 at Farms)", travay ansanm ak Depatman Sante Lokal yo (Local Health Departments, LHDs) pou planifye pou:
  - Yon gwo kantite travayè ki bezwen rete an karantèn oswa izòlman.
  - Lojman, transpò, ak nesosite esansyèl adisyonèl, tankou manje, medikaman, ak lesiv, pou ka akomode kantite travayè maksimòm ki an danje yo ki kabezwen rete an karantèn oswa izòlman.
  - Fè evalasyon tout travayè yo pou sentom ak risk transmisyon yo.
- Idantifye pèsonèl ki pral responsab pou evalye travayè yo epi travay ansanm ak LHD yo nan entèvansyon yo.
  - Anvan travayè yo retounen nan travay la, moun ki ap fè evalyasyon yo dwe revize itinerè vwayaj entènasyonal travayè a.
  - Yo dwe fè evalyasyon yo pandan travayè yo ap rantre nan espas travay la, an plis de evalyasyon ki obligatwa yo chak 12 èdtan apre sa.
  - Moun ki ap fè evalyasyon yo ta dwe mande travayè yo si yo gen nenpòt sentom ki gen rapò ak COVID-19, tankou yon tous oswa souf koupe, oswa si yo te ekspoze a nenpòt moun ki swa te teste pozitif pou COVID-19 yo oswa te gen sentom COVID-19 yo. Moun ki ap fè evalyasyon yo ta dwe tou verifye si moun nan gen yon tanperati ki pi wo pase oswa ki egal a 100.0°F.
- Enfòmè LHD yo sou pwotokòl pou mete an karantèn travayè ki te ekspoze yo epi pou mete an izòlman travayè ki gen COVID-19 yo. Lojman pou karantèn oswa izòlman yo ta dwe gen espas salon, twalèt, pwovizyon pou manje yo, ak lòt bezwen esansyèl yo (tankou manje, medikaman, ak lesiv), jan yo te dekri nan "Enstwiksyon Pwovizwa pou Prevansyon ak Entèvansyon pou COVID-19 nan Fèm yo (Interim Guidance for Prevention and Response of COVID-19 at Farms)".
- Òganize epi planifye transpò medikal pou travayè ki malad yo pou ale nan yon etablisman swen sante ke yo idantifye.
- Mande travayè yo pou yo enfòmè sipèvizè yo imedyatman si yo kòmanse devlope sentom COVID-19 yo nan travay yo.

- Aplike mezi pou netwayaj ak dezenfeksyon yo ak pwotokòl distans sosyal ke yo te deklari nan "Enstwiksyon Pwovizwa pou Prevansyon ak Entèkansyon pou COVID-19 nan Fèm yo (Interim Guidance for Prevention and Response of COVID-19 at Farms)".
- Bay chak travayè "Konsèy pou Kowonaviris (COVID-19) pou Travayè nan Fèm yo (Coronavirus (COVID-19) Tips for Farm Workers)", nan lang yo prefere a, epi mande pou yo pataje enfòmasyon sa a ak fanmi yo.
- Mete disponib yon apwovizyonman mask pou kouvri figi pou travayè ki ap fè entèraksyon ak popilasyon an ansanm ak kòlèg yo, ki enkli pandan transpò yo. Sa espesyalman enpòtan lè yo pa ka kenbe distans sosyal yo.
- Asire ke gen bon jan apwovizyonman mask chirijik pou kouvri figi yo oswa mask similè pou kouvri figi yo, si yo disponib, pou moun itilize pandan peryòd karantèn oswa izòlman yo.

### **TRAVAYÈ KI POTANSYÈLMAN TE EKSPÒZE A YON KA KE YO TE KONFIME OSWA SISPÈK KI GEN COVID-19 YO**

- Travayè nou pral site la yo ta dwe rete an karantèn prevantif pandan 14 jou lè yo pa nan travay yo sou fèm yo, menm si yo pa prezante sentom yo:
  - Travayè ki pandan 14 dènye jou ki sot pase yo te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te teste pozitif pou COVID;
  - Travayè ki pandan 14 dènye jou ki sot pase yo te vwayaje nan yon lòt peyi oswa te sou yon bato kwazyè (ki enkli kwazyè sou rivyè yo).
  - Nenpòt travayè ke LHD kwè ke yo ta dwe plase yo an karantèn pou rezon prevantif.
- Travayè yo ka travay si yo konsidere kòm travayè ki esansyèl nan operasyon fèm lan epi yo:
  - Pa montre okenn sentom COVID-19 yo.
  - Rete an karantèn lè yo pa nan travay yo, swa lakay yo oswa nan yon lokal ke operatè a te chwazi epi ki ranpli kondisyon karantèn LHD yo.
  - Pase evalyasyon pou tanperati yo ak verifikasyon sentom yo apre yo rive nan travay la, epi omwen chak 12 èdtan pandan yo nan travay la, epi sipèvizè pwòp tèt yo (sa vle di, pran tanperati, evalye sentom yo) de fwa pa jou lè yo pa nan travay la.
  - Mete yon mask ki kouvri figi yo lè yo an prezans yon lòt moun; epi
  - Sispann travay imedyatman epi enfòmè sipèvizè yo si yo devlope NENPÒT sentom ki konsistan ak sentom COVID-19 yo. Si sa rive, yo ka konsilte LHP sou pwochèn etap ki mansyone anba la yo.

### **TRAVAYÈ KE YO TE KONFIME OSWA SISPÈK KI GEN COVID-19 YO**

- Travayè ki te teste pozitif pou COVID-19 yo, kit yo te prezante sentom COVID-19 yo ou pa, ak travayè ki te prezante sentom yo, tankou tanperati ki pi wo pase oswa ki egal a 100.0°F, tous, oswa souf kouke, ta dwe rete an izòlman epi yo pa gen pèmision pou yo retounen nan travay la pandan omwen 10 jou.
- Nou ta dwe kontakte Depatman Sante Lokal la pou lòt mezi yo rekòmande yo.
- Travayè ki an izòlman yo dwe:

- Rete izole nan pwòp chanm yo ak pòt yo fèmen;
- Itilize pwòp twalèt yo, si sa posib. Si konpayi travay la ap bay lojman pou travayè ki afekte a(yo), tanpri travay ansanm ak LHD ou a pou ranje jan pou izole travayè a(yo) de lòt moun yo.
- Pran sipèvizyon nan men LHD jan ki apwopriye, jiskaske yo rekipere; epi
- Jwenn bezwen ki esansyèl yo tankou swen sante, manje, medikaman, ak lesiv.
- Travayè ki izole yo pa ka retounen nan travay yo jiskaske:
  - Omwen 10 jou te pase depi lè sentom yo te parèt pou premye fwa, EPI
  - Omwen 3 jou (72 èdtan) te pase san lafyèv epi san itilizasyon medikaman ki ap bese lafyèv yo, EPI
  - Sentom respiratwa yo, ki enkli tous ak souf koupe, te amelyore.

### **BAY LOJMAN POU IZÒLMAN/KARANTÈN KONFÒMEMAN A KONDISYON SA YO**

- Separe chanm a kouche yo, ak kapasite pou fèmen pòt yo epi separe twalèt yo pou chak moun oswa gwoup familyal.
- Bay aksè a yon lavabo ki gen savon, dlo, ak papye ijyenik.
- Limite entèraksyon ak lòt moun ki pa nan yon gwoup familyal.
- Limite itilizasyon espas moun pataje yo.
- Bay materyèl pou fè netwayaj ak dezenfeksyon.
- Yo dwe livre manje, medikaman, ak lòt bezwen ki esansyèl yo nan lojman moun nan.
- Bay travayè yo mask pou figi oswa mask similè pou kouvri figi yo.
- Yo dwe mete fatra yo nan sachè epi kite yo deyò bò kote pòt chak lojman pou yo ka ranmase yo. Li pa nesèsè pou gen jesyon espesyal.
- Etabli yon sisitèm sipèvizyon tanperati ak sentom yo nan espas kote moun ap viv yo epi bay tèmomèt pou verifiye tanperati yo.

### **PWOMOUVWA DISTANS SOSYAL AK IJYÈN NAN ESPAS LOJMAN YO**

- Tout lojman pou travayè yo dwe gen distans sosyal ki apwopriye, yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon, ak kontwòl ki nesèsè pou evite transmisyon COVID-19.
- Travay ansanm ak LHD pou evalye epi mete travayè yo nan lojman ki apwopriye yo baze sou sitiyasyon an izòlman oswa an karantèn.
- Loje travayè yo nan pi piti gwoup posib yo.
- Mete distans ant kabann yo ki omwen 6 pye apa.
- Ogmante ayerasyon nan tout espas lojman yo, ki enkli espas salon ak chanm a kouche, kwizin ak sal a manje, ak twalèt ak douch yo, lè nou ap ouvri pòt ak fenèt yo, si tanperati deyò yo agreyab.
- Mete sou pye mezi distans sosyal yo pou tout espas plizyè moun itilize yo, tankou planifye itilizasyon espas kote moun manje yo an divès gwoup.

### **PWOMOUVWA BON JAN IJYÈN SANITÈ AK PÈSONÈL**

- Etabli epi byen jere espas kote moun ka lave men yo ak ekipman dezenfeksyon yo nan tout espas komen nan travay ak lojman yo ki enkli savon, dlo ak papye ijyenik. Yo ka bay tou dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl yo pou moun ki gen men ki pa

sal yo, si pa gen savon ak dlo ki disponib. Dezenfektan pou men yo pa efikas kont men ki sal anpil yo.

- Netwaye epi dezenfekte regilyèman tout espas komen ki nan travay la ak etablisman lojman yo.
  - Netwaye epi dezenfekte sifas moun manyen souvan yo, tankou manch pòt yo/seri pòt yo, tiyo dlo yo, chèz, ban, tab, ak sifas travay yo.
  - Netwaye epi dezenfekte ekipman, zouti, ak veyikil plizyè moun itilize yo.
- Bay tan pou moun lave men yo pandan jounen an, ki enkli nan kòmansman, pandan, ak apre orè travay yo, epi anvan ak apre yo pran poz manje yo.
- Raple travayè yo regilyèman pou yo:
  - Lave men yo souvan ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn, espesyalman apre ou fin manyen sifas moun manyen souvan yo, anvan ou prepare manje oswa al manje, ak apre ou sot nan twalèt.
  - Dezenfektan pou men yo pa efikas kont men ki sal anpil yo.
  - Touse epi estène nan sèvyèt yo (oswa koud ou si sa nesèsè) epi jete sèvyèt yo imedyatman. Lave oswa dezenfekte men ou.
  - Evite manyen bouch, nen, ak je nou.
  - Dezenfekte veyikil, ekipman, ak zouti yo pataje yo apre chak itilizasyon. Pa pataje zouti ak ekipman yo anvan nou dezefenkte yo.

#### **KENBE YON DISTANS 6 PYE (ANVIWON 2 MÈT) DE LÒT MOUN YO**

- Travayè yo dwe mete mask pou kouvri figi yo lè yo an piblik, lè distans sosyal yo pa posib.
- Moun ki gen aktivite travay ki pèmèt yo gen yon distans separasyon ki pi plis pase 6 pye yo pa bezwen mete yon mask ki kouvri figi yo si gen kontwòl yo mete pou kenbe distans sosyal yo.
- Sipèvizè epi raple travayè yo pou yo kenbe yon distans 6 pye pandan tout orè travay yo. Sa ta dwe fèt nan tout lokal yo ki enkli tèren, vèje, vinyòb, oswa enstalasyon anbalaj yo.
  - Gaye travayè yo ki nan liy yo.
  - Ajiste sikilasyon pwodwi yo pou enspeksyon oswa triyaj ki apwopriye, ak mwens travayè nan liy yo.
- Itilize yon mezi ak tep oswa yon baton pou mezire pou demontre yon distans 6 pye. Li se anviwon longè 3 bra yon granmoun gason an mwayèn.
- Konseye travayè yo pou yo evite reyinyon sosyal kontak dirèk yo, tankou bay lanmen, akolad, kore koud oswa pwen yo, epi ankouraje yo voye men epi souri olye de sa.
- Bay tan ak espas ki apwopriye pou travayè yo ka make lè yo kòmanse ak fini orè travay yo, pandan ke yo ap kenbe yon distans apa ki apwopriye.
- Fè reyinyon ak fòmasyon yo an ti gwoup, pou ke travayè yo ka kenbe yon distans 6 pye apa epi toujou tande moun k'ap pale a.
- Bay espas pou ka pèmèt travayè yo kenbe yon distans 6 pye youn de lòt pandan peryòd poz yo ak lè y'ap manje.
- Evite monte nan veyikil yo pataje ak lòt moun yo. Lè yo nan yon espas kote yo paka kenbe distans sosyal yo, mete mask ki kouvri figi yo lè yo nan yon veyikil epi dezenfekte yo apre chak itilizasyon.

**PLIS ENFÒMASYON**

Sit Entènèt COVID-19 Depatman Sante Eta New York la

[www.health.ny.gov/diseases/communicable/coronavirus/](http://www.health.ny.gov/diseases/communicable/coronavirus/)

Lis Depatman Sante Lokal yo:

[www.health.ny.gov/contact/contact\\_information/](http://www.health.ny.gov/contact/contact_information/)